



Pou Piblikasyon Imedya: 14/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KAD PREMYE ANIVERSÈ FIZIYAD AN MASS LA NAN TOPS SUPERMARKET  
NAN BUFFALO, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 10 MILYON DOLA POU  
ADRESE BEZWEN VITAL YO NAN EAST BUFFALO**

*5 milyon pou agrandi Pwogram Amelyorasyon Aksè ak Posesyon Kay Buffalo a  
4 milyon dola sibvansyon Federal pou amelyore aksè ak sèvis sante mantal  
900,000 dola envestisman inisyal pou anplasman ak devlopman memoryal  
pèmanan 14 me a*

**Anons lan vini apre envestisman sible 50 milyon dola ane pase a pou adrese  
bezwен imedya kominote a**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prèske 10 milyon dola nan envestisman ak sibvansyon nan kad efò kontinyèl eta a pou adrese bezwen kominote East Buffalo a. Jodi a make premye anivèsè atak laterè sipremasis blan an nan Tops Supermarket nan Buffalo nan dat 14 me 2022.

"Yon ane apre atak devastatè Tops Supermarket la, angajman nou anvè East Buffalo rete fèm", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan manm kominote yo kontinye ap lite ak atak la, nou rekonesan anpil pou sipò SAMHSA pou elaji aksè ak sèvis sante mantal nan kominote a. Soti nan sipò pou Memoryal 14 Me a rive nan finansman adisyonèl pou asistans reparasyon kay, nou pral kontinye sipòt East Buffalo jan nou kapab."

Anons prèske 10 milyon dola vini apre 50 milyon dola envestisman sible Gouvènè Hochul te anonse nan mwa jen 2022 a pou adrese bezwen imedya kominote a.

Finansman yo gen ladan:

- **5 milyon dola** pou agrandi Pwogram Amelyorasyon Aksè ak Posesyon Kay Buffalo East (Buffalo East Homeowner Improvement Program, BEHIP) la pi wo pase premye 34.5 milyon dola yo te anonse pou envestisman pwopriyetè kay yo. Pwogram nan pral kontinye ede pwopriyetè kay ki kalifye yo nan East Buffalo ak reparasyon kay ijans ki gen ladan vyolasyon kòd ak gwo reparasyon nan sistèm yo.

- Yon **4 milyon dola** pou sibvansyon federal ki soti nan men Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) la pou amelyore aksè ak sèvis sante mantal nan kominote East Buffalo a.
- **900,000 dola** pou envestisman inisyal pou sipòte anplasman ak devlopman Komisyon Memoryal 14 me pèmanan k ap planifye pa Komisyon Memoryal 14 a ke Gouvènè Hochul ak Majistra Byron Brown [te anonsé](#) nan mwa oktòb 2022.

Sibvansyon 4 milyon dola SAMHSA sa a soti nan pwogram sibvansyon Rezistans nan Kominote yo apre Estrès ak Twomatiz (Resiliency in Communities After Stress and Trauma, ReCAST), ki ede jèn ak fanmi ki gen gwo risk yo epi ankouraje detèminasyon ak ekite avèk prèv, prevansyon vyalans, ak pwogram angajmanjenès kominote a. ReCAST ede tou lye moun ki te twomatize pa evènman yo nan lavi yo epi ki bezwen tretman ak sèvis sante konpòtmantal ki pran an konsiderasyon twomatiz.

Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la pral utilize sibvansyon ReCAST pou sipòte yon kowalisyon divès pati konsène nan kominote a pou devlope yon pwogram ki oryante sou rekiperasyon, ki pran an konsiderasyon twomatiz, epi ki baze sou ekite sante konpòtmantal ak byennèt. Sibvansyon ReCAST la pral dirije pa yon evalyasyon bezwen ak plan ke kominote a ap dirije. Sibvansyon an pral finanse plizyè pwogram:

- Yon Ekip Repons Sante Mantal pou Nwa ki dirije pa BestSelf Behavioral Health pral kontinye sansibilizasyon ak amelyorasyon ak jèn yo ak fanmi yo nan East Side la;
- University Psychiatric Practice, an kolaborasyon ak SayYes Buffalo ak Lekòl Piblik Buffalo yo, pral bay sipò klinik pou elèv ki gen difikilte ak twomatiz nan kominote a ak fòmasyon pou edikatè yo;
- Pwogram Byennèt Mantal Non-Tradisyonèl Kominote Buffalo yo (Buffalo Community Non-Traditional Mental Wellness Programs) pral kontinye konsantre sou respekte ak entegre tradisyon ak kilti Nwa/Afriken Ameriken pou enkli terapi ki baze sou atizay, kowòdinasyon ak tanp adorasyon lokal yo ak gerizon ki baze sou espirityalite.

Nan kòmansman ane sa a, Biwo Sante Mantal la te resevwa yon sibvansyon SAMHSA pou Repons an Ijans ki se 2.35 milyon dola, ke y ap distribye bay òganizasyon kominotè lokal yo nan East Side Buffalo k ap bay yon seri resous sante mantal pou ede rezidan yo ki te afekte pa fiziyad rasyal la ki te retire lavi dis moun ane pase a.

**Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Doulè ak soufrans ki te koze pa yon fiziyad trajik rete lontan apre evènman twomatizan an. Laperèz ak santiman dezespwa yo ka devastatè. Travay n ap fè ak patnè nou yo nan kominote a ap bay rezidan yo soulajman, epi finansman sa a ki soti nan SAMHSA pral ede nou bay plis sipò pou moun nan Buffalo yo."

**Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare**, "Pa vrèman gen mo pou dekri pèt terib tout kominote Buffalo te sibi yon ane de sa, lè yo te touye dis pamì yo san sans sèlman akòz koulè po yo. Men, fas ak trajedi sa a, kominote East Side la te ap remonte ak defi ak lidèchip, epi nou te travay pou delivre plizyè milyon dirèkteman nan East Side, soti nan batay kont ensekirite alimantè, rive nan fòme travayè yo pou karyè nan manifakti ki byen peye. Men, travay nou an fèk kòmanse - East Side Buffalo bezwen envestisman solid pou geri ak bati pou lavni. Finansman prèske 10 milyon dola sa a pral asire ke kominote East Side la gen aksè ak sèvis sante mantal amelyore, yon pwogram amelyorasyon aksè ak posesyon kay premye plan, ak yon memoryal ki kreye yon rapèl dirab sou pèt nou te fè eksperyans ak li yon ane de sa. Ansanm, nou te travay pou rankontre evènman trajik sa a ak yon rezistans enkwayab, epi mwen pral kanpe ak Gouvènè Hochul, lidè kominotè nou yo, ak fanmi brav yo nan chak etap nan chemen an pou konstwi yon Buffalo ki pi an sekirite epi ki pi ekitab pou tout moun."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare**, "Sa gen yon ane, tout bagay te chanje. Yo te sible kominote nou an epi yo te touye vwazen ak zanmi nou yo. Konsantrasyon an ap kontinye sou rekonstwi East Buffalo ak geri blesi emosyonèl pwofon yo."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare**, "Yon ane apre fiziyad an mas la nan Jefferson, chagren nou toujou akablan menm jan. Malgre ke chemen gerizon an sanble diferan pou tout moun, nou kontinye leve youn lòt, tankou atravè envestisman sible ak sansibilizasyon ki dirèkteman sipòte kominote koulè yo ak East Side nan Buffalo an antye. Pandan n ap sonje 10 lavi yo te retire jou sa a, nou pwomèt pou n kreye yon avni ki pi bon ak plis enklizif nan memwa yo, epi anons sa a ap bati sou angajman sa a."

**Chèf Majorite a Crystal Peoples-Stokes te deklare**, "Fèt Manman an gen yon pi gwo pwa ane sa a paske anpil fanmi sonje ak onore matwòn yo ak moun yo renmen yo ki te pèdi san sans akoz rasis sa gen yon ane. Nou kontinye renmen ak sipòte fanmi viktим yo, rezidan zòn yo, ak sivivan yo pandan y ap chèche konsolasyon. Malerezman, li te koute yon trajedi pou anpil moun rekonèt ak aji kont disparite ki egziste deja ki te vin tounen yon estil lavi pou pèp mwen an. Gouvènè Hochul ak administrasyon li a se yon patnè enpòtan pou rejwenn efò kolektif defansè Eastside Buffalo yo pou ekite - lè nou konprann ke li pral mande plis envestisman eksponansyèl pou defèt plizyè deseni refi prè, dezenvestisman, ak dekonpozisyon ki te deja fèt. Nou remèsyé Gouvènè Hochul pou angajman li nan resous eta a ak sipò kontinyèl pandan kominote nou an ap geri anba zak rayisans sa a."

**Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare**, "Pandan n ap kontinye reflechi sou anivèsè fiziyad an mas rasyal ki te boulvèse kominote nou an, nou dwe asire ke resous yo itilize entansyonèlman pou amelyore lavi rezidan nwa yo epi simonte inegalite istorik nan East Buffalo. Envestisman kle sa yo nan reparasyon kay ansanm ak aksè ak sèvis sante mantal enpòtan anpil pou reyalize mobilite ekonomik pou rezidan nwa yo. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li kanpe ak Vil nou an ak pou sipò solid li pandan n ap kontinye refè ak geri."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU